

WAYUH SAJRONE NOVEL UDANG ING WANCI KETIGA ANGGITANE TULUS SETYADI

(Titingan Strukturalisme genetik)

LIVIANINDA BERLIANTI NUR FITRI S.

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Dharma  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Surabaya

Liviakesuma79@gmail.com

ABSTRAK

Wayuh yaiku nduweni bojo luwih saka siji. Sajrone Agama Islam tumindak kasebut nduweni syarat yaiku kudu bisa adil, bisa nafkahi lair lan batin, ora lali ngibadah marang Gusti Allah, lan bisa njaga bojone

Underane panliten iki yaiku (1) kepriye unsur pamangune sastra sajrone novel UWIK? (2) kepriye gegambarane wayuh sajrone novel UIWK? (3) kepriye pamawas pangripta ngenani wayuh sajrone novel UIWK? (4) kepriye pamawase bebrayan ngenani wayuh sajrone kasunyatan sosial? (5) kepriye pamawase jagad sajrone novel UIWK? mula ancane panliten iki yaiku; (1) Ngandharake unsur pamangune sastra sajrone novel UIWK; (2) Ngandharake gambaran wayuh sajrone novel UIWK; (3) Ngandharake pamawas pangripta ngenani wayuh sajrone novel UIWK; (4) Ngandharake pamawas bebrayan ngenani wayuh sajrone kasunyatan sosial; (5) Ngandharake pamawase jagad ngenani wayuh sajrone novel UIWK.

Metode panliten iki nggunakake metode dheskriptif kualitatif. Sumber dhata kang digunakake yaiku dhata primer kang arupa novel kanthi irah-irahan *Udang Ing Wanci Ketiga*, dene dhata sekunder yaiku wawancara. Tata cara sajrone ngumpulake dhata nggunakake metode studi pustaka lan wawancara.

Asile panliten iki yaiku (1) unsur pamangune sastra kanthi tema wayuh, paraga utamane Priyono kang nduweni sipat tanggung jawab lan adil, Nuryani sakarepe dhewe, dene Lasmiati perdulen. (2) nuduhake gegambarane wayuh bisa dideleng saka tumindake yaiku kanthi adil lan ikhlas, (3) pamawase pangripta ngenani wayuh yen sajrone agamane diolehi. Wayuh mujudake kamentangan kanggo wong lanang, nanging kudu dipikir kanthi mateng supaya ora nyesel ing tembe mburine. (4) pamawase masyarakat ngenani wayuh akeh sing ora sarujuk, nanging kabeh kuwi gumantung takdir saka Gusti. (5) pamawase jagad ngenani wayuh kalebu syariat Islam sing mujudake sunah Rosul sing ana ing surat An-Nisa ayat 3.

Tembung wigati : Wayuh, Strukturalisme genetik.

PURWAKA

LELANDHESANE PANLITEN

Karya sastra diripta dening pangripta ing satengahé masyarakat, lan mujudake asil imajinasine pangripta sarta refleksine tumrap gejala-gejala sosial ing kiwa tengene. Mula saka kuwi, anane karya sastra minangka bageyan saka uripe masyarakat. Pangripta nyoba ngasilake pamawase jagad ngenani *realitas* sosial ing sakiwa tengene kanggo nuduhake karya sastra iku asale saka kultur tartamtu lan masyarakat tartamtu. Bisa dimangerteni yen sastra yaiku lembaga sosial kang ngandharake pamawas jagad pangriptane. Pamawas jagad kasebut dudu amung kanyatan kang *empiris* kang asipat langsung, nanging mujudake gagasan *aspirasi* lan pangrasa sing bisa nyawijekake klompok sosial masyarakat.

Sastra mujudake kacabenggala lan wujud ekspresi panguripane manungsa (Wellek lan Werren (1995:119). Karya sastra ora mung nganalisis unsur intrinsik nanging

uga unsur ekstrinsik sajrone karya sastra. Jagade kasusastran nduweni patang perangan kang tansah gegayutan yaiku pangripta, pamaos, bebrayan, lan karya sastra iku dhewe. Pangripta ngandharake ide-ide, perkara lan amanat utawa pesan-pesan moral marang pamaos lumantar karya sastra.

Salah sawijine jinis karya sastra yaiku karya sastra modheren. Jinis-jinis karya sastra modheren akeh banget, kayata novel, cerbung, cerkak, roman lan sapanunggalé. Karya sastra mligine novel diripta dening pangripta kanthi tujuwan kanggo dipahami, lan dimanfaatake yen karya sastra minangka bageyan saka perkarane urip, filsafat, lan ilmu Jawa.

Novel mujudake salah sawijine bentuk karya sastra sing bisa kanthi bebas ngandharake kahanan sing dialami manungsa kanthi saperangan aturan lan norma-norma sing ana ing sakiwa-tengene manungsa, mula sajrone karya sastra novel nduweni makna tartamtu ngenani panguripane manungsa. Sajrone novel, kanggo

ndadekake critane luwih urip lan katon nyata memper karo kahanan bebrayan, mula novel mesthi ngemot perkara-perkara sing dumadi sajrone karya sastra, kayata katresnan, tumindak sedheng, bale wisma, kacingkrangan lan sapanungglane.

Pangripta Jawa akeh kang wis ngasilake novel, salah sijine yaiku Tulus Setiyadi, minangka pangripta sastra kang kagolong enggal, jalaran karya sastrane kang arupa novel isih winates, nanging sajrone ngripta karya sastra Jawa nduweni *kwualitas*. Asil karyane Tulus Setyadi akeh ngandharake ngenani prakara-prakara tresna, prakara bale wisma lan uga akeh sing ngandharake perkara romansa. Prakara-prakara kasebut wujud gegambarane sosial kang kedadeyan ana ing bebrayan. Salah sawijine prakara bale wisma yaiku wayuh. Panliti milih salah sawijine karya sastra kang arupa novel kanthi irah-irahan *Udan Ing Wanci Ketiga* (sabanjure dicekak UIWK).

Novel kanthi irah-irahan *UIWK* narik kawigaten kanggo dianalisis jalaran ngandharake perkara bale wisma mligine wayuh. Wayuh yaiku tumindake pawongan kang nduweni bojo luwih saka siji. Wayuh uga mujudake tumindak sing kurang becik miturut wong wadon, jalaran mujudake panindhasan marang kaum wanita. Miturut pandhangan Islam wayuh ora dilarang.

Miturut pamawase pangripta kahanan lan kasunyatan ing masyarakat akeh sing nindakake wayuh, mula dening pangripta didadekake crita fiksi, amarga ing novel iki pangripta menahi pamawas bab wayuh, mula saka kuwi panliten iki nggunakake tintingan strukturalisme genetik.

Strukturalisme genetik salah sawijine tintingan kang ora mung nengenake babagan struktur reiptan sastra, nanging uga nggayutake antara struktur sastra karo pangripta. Strukturalisme genetik luwih mentingake asal-usule reiptaning sastra. Bab kasebut ateges strukturalisme genetik ora mung ngrembug babagan intrinsik nanging uga bab sajabaning reiptan sastra, kayata pamawase bebrayan, pamawase pangripta, lan pamawase jagad.

Panliten iki saliyane ngandharake gegambarane wayuh sajrone novel *UIWK* uga ngandharake pamawas bebrayan, pamawase pangripta, lan pamawas jagad ngenani wayuh. Kajaba kuwi, sangertine panliti novel *UIWK* durung kegarap kanthi tintingan Strukturalisme Genetik. Mula, panliti kepengin nlihi kanthi judhul Wayuh sajrone Novel *Udan ing Wanci Ketiga* anggitane Tulus Setyadi (Tintingan Strukturalisme Genetik).

#### UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar landhesan panliten mau, kang dadi underane panliten sajrone novel *UIWK* anggitane Tulus Setyadi iki ana papat, yaiku:

- 1) Kepriye unsur pamangune sastra sajrone novel *UIWK* anggitane Tulus Setyadi?
- 2) Kepriye gegambarane wayuh sajrone novel *UIWK*?
- 3) Kepriye pamawas pangripta ngenani wayuh sajrone novel *UIWK*?
- 4) Kepriye pamawas bebrayan ngenani wayuh sajrone kasunyatan sosial?
- 5) Kepriye pamawase jagad sajrone novel *UIWK*?

#### ANCASE PANLITEN

Saka underane panliten kang wis diandharake mau, kang dadi ancasa panliten novel *UIWK* anggitane Tulus Setyadi yaiku:

- 1) Ngandharake unsur pamangune sastra sajrone novel *UIWK* anggitane Tulus Setyadi.
- 2) Ngandharake gegambarane wayuh sajrone novel *UIWK*.
- 3) Ngandharake pamawas pangripta ngenani wayuh sajrone novel *UIWK*.
- 4) Ngandharake pamawas bebrayan ngenani wayuh sajrone kasunyatan sosial.
- 5) Ngandharake pamawase jagad sajrone novel *UIWK*.

#### PAEDAHE PANLITEN

Panliten iki nduweni paedah kang diajab bisa migunani yaiku:

- 1) Panliten iki dikarepake bisa nambahi kawruh sajrone pengkajian karya sastra.
  - a) Bisa kanggo ngrembakakake ilmu-ilmu pendhidhikan basa lan sastra Jawa, mligine sastra modern kang ngemot tintingan strukturalisme genetik.
  - b) Bisa menahi sumbangsih tumrap ilmu sastra Jawa modern lan dikarepake supaya akeh kajian-kajian karya sastra Jawa modern ngenani strukturalisme genetik.
- 2) Panliten iki dikarepake nduweni piwulangan kang becik
  - a) Tumrap piwulangan sastra mligine mahasiswa, bisa kanggo bahan tetimbangan nindakake panliten kang nggunakake tintingan strukturalisme genetik.
  - b) Bisa menahi wawasan ngenani wayuh sajrone urip ing bebrayan.
  - c) Panliten iki bisa kanggo kaca benggala, ora mung kanggo panglipur kanggo pamaca utawa bebrayan.
- 3) Panliten iki dikarepake nduweni manfaat kanggo mahasiswa
  - a) Panliten iki bisa kanggo bahan pambandhing antarane panliten liyane sing wis ana sadurunge.
  - b) Panliten iki bisa kanggo referensi tumrap panliten sabanjure kang bakal nggunakake teori Strukturalisme Genetik.

#### WEWATESANE TETEMBUNGAN

Wewatesane tetembungan sajrone panliten iki bisa kababar ana ing ngisor iki:

- 1) Wayuh

Wayuh miturut Sudaryanto dkk (2001:1089) yaiku nduwe bojo luwih saka siji. Wayuh mujudake tumindak sing kurang becik miturut wong wadon, jalaran wayuh mujudake penindasan marang kaum wanita, senajan miturut pandangan Islam Wayuh ora dilarang lan sah miturut hukum (Hassadiqi, 2013. <http://artikelfakta.blogspot.co.id/makalah-poligami.html>)

2) Novel

Novel yaiku gancaran kang critane sambung-sinambung babagan uripe sawijine wong karo wong sakiwa tengene kanthi ngutamakake watak lan sipat paragane ( Sudaryanto dkk, 1991:217).

3) Strukturalisme Genetik

Miturut Goldman (sajrone Faruk, 2015:12-16) strukturalisme genetic yaiku salah sawijine tintingan kang ngrembug babagan unsur intrinsik kang banjur digayutake karo kasunyatan sajrone bebrayan kang nduweni konsep-konsep tartamtu kayata pamawase bebrayan, *subjek* klompok, lan pamawasing jagad.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Sadurunge kang Saemper

Sadurunge panliten iki kalaksanaan ana panliten kang saemper kang wis ditindakake, tuladhane:

- 1) Suci Mahanani Cahyaningsih (2013), *Pandangan Dunia Pengarang Dalam Novel Tritologi:Jendela-jendela, Pintu, Dan Atas Karya Fira Basuki*. Skripsi FBS Unesa iki ngandharake tema panguripan sosial bebrayan antarane panguripan sosial wektu sekolah, wektu nyambut gawe sajrone bale wisma, ekonomi, lan budaya. Pirang-pirang perkara kang dumadi sajrone novel iki ana gayutane karo cikal bakal panguripan sosial budaya pangripta nalika ngripta reriptane.
- 2) Wahyu Widodo (2012), *Novel Singkar reriptane Siti Aminah (Tintingan Strukturalisme Genetik)*. Skripsi FBS Unesa iki ngandharake konflik-konflik sosial kang padha gegambarane karo kedadeyan ing kasunyatan sajrone bebrayan. ana telung bab kang diandharake, kaya dene tema sosial novel *Singkar* yaiku ngenani jejodhoan, pendhidhikan, lan kamlaratan. Sabanjure saka telung bab perkara kasebut ana sambung rapete karo panguripane Siti Aminah minangka pangripta marang novel *Singkar*, lan wawasan donyaning Siti Aminah jroning novel *Singkar* kang ngandharake kasunyatan sosial jejodhoan kang dedunung ing bebrayan Jawa.
- 3) Ganestya Saraswati (2013), *Kadurjanan sajrone Cerbung Geger Nusabiru Anggitane Maryuni Purbaya (Tintingan Strukturalisme Genetik)*. Skripsi FBS Unesa iki ngandharake gegambarane kadurjanan sajrone cerbung Geger Nusabiru, pamawase pangripta ngenani kadurjanan, pamawase bebrayan ngenani kadurjanan, lan pamawase jagad ngenani kadurjanan sajrone cerbung geger Nusabiru anggitane Maryuni Purbaya.
- 4) Imelda Atika (2013), *Kasangsaraning Urip sajrone Novel Jemini Anggitane Suparto Brata (Tintingan Strukturalisme Genetik)*. Skripsi FBS Unesa iki ngandharake gegambarane kasangsaraning urip sajrone novel Jemini, pamawase pangripta ngenani kasangsaraning urip, pamawase bebrayan, lan pamawase jagad ngenani kasangsaraning urip sajrone novel Jemini anggitane Suparto Brata.
- 5) Dhita Puspitasari Sukendro (2013), *Patriarkhi sajroning Cerbung Rembulan Ndhuwur Blumbang Anggitane Sunarko Budiman (Tintingan*

*Strukturalisme Genetik)*. Skripsi FBS Unesa iki ngandharake ngenani patriarkhi sajroning cerbung Rembulan Ndhuwur Blumbang kang digambarake lumantar unsur intrinsik, kang dipunjerake ing analisis tema minangka unsur kang paling onjo sajroning cerbung kasebut. Saliyane iku, panliten iki ug ngandharake pamawase Sunarko Budiman lan masyarakat ngenani patriarkhi kanggo nggoleki pamawase jagad sajroning cerbung Rembulan Ndhuwur Blumbang.

Panliten kasebut ngandharake teori strukturalisme genetik. Panliten iki padha karo panliten-panliten sadurunge kang nggunakake tintingan strukturalisme genetik. Kang dadi pembeda antarane panliten iki lan panliten sadurunge yaiku saka sumber dhata, lan perkara sing dirembug sajrone panlitene. Objek utawa sumber dhata sing dijupuk ing panliten iki minangka karya sastra modern arupa novel kanthi irah-irahan UIWK. Saliyane kuwi ing panliten iki bakal ngandharake gegambarane wayuh sajrone novel UIWK, pamawase pangripta ngenani wayuh, pamawase bebrayan ngenani wayuh, lan pamawase jagad ngenani wayuh sajrone novel UIWK anggitane Tulus Setyadi.

### Sastra, Pangripta lan Masyarakat.

Sastra mujudake gambaran panguripan sing diripta lumantar medhia tulisan. Ana gegayutane kang raket antarane sastra lan panguripane masyarakat, amarga sastra nduweni fungsi sosial sastra yaiku crita sajrone karya sastra kajupuk saka panguripane masyarakat (Semi, 1989:56). Saliyane kuwi sastra miturut Wellek lan Warren sajrone Faruk (2015:43) mujudake karya sastra kang *inovatif*, *imajinatif*, lan *fiktif*. Karya sastra kuwi sipate ora nyata, lan *imajinatif*. Paraga-paraga sajrone karya sastra uga asile ciptaane pangripta sing tuwuh sacara langsung. Mula saka kuwi karya sastra mujudake asil *kreatifitase* pangripta.

Karya sastra mujudake *ekspresi* jiwane pangripta, kaca benggala tumrap masyarakat, alat kanggo perjuangan sosial, alat kanggo ngandharake *aspirasi-aspirasi* lan nasib pawongan sing tertindas, lan ngandharake nilai-nilai kanggo msyarakat. Pangripta ngripta karya sastra trep karo kahanan masyarakat neng sakiwa tengene. Kahanan kasebut banjur diwujudake dadi karya sastra. Karya sastra uga dadi objek sosiologi. Andharan kasebut selaras karo pamawase Ricoeur sajrone Faruk (2015:45), karya sastra mujudake tulisan sing ora uwal saka kahanan nyata pangriptane.

Strukturalisme genetik ora uwal saka gegayutane antarane sastra, pangripta lan masyarakat, jalaran strukturalisme ora mung ngandharake sastra karo masyarakat, utawa sastra karo pangripta, nanging ngandharake ketelu-telune lan nduweni gegayutan antara siji lan sijine. Sastrawan minangka pangripta karya sastra mujudake klompok masyarakat, pangripta nyiptakake karya sastra dipangribawani saka kahanan panguripane masyarakat ing kiwa tengene, uga sawalike kahanane masyarakat bisa owah kanthi anane karya sastra sing diripta dening sastrawan, jalaran karya sastra uga bisa dadi kaca benggala tumrap mayarakat lan pamaca.

## Novel

Novel kalebu crita fiksi. Novel asale saka tembung *novellus* utawa *novies* sing tegese anyar. Sacara harfiah *novella* tegese barang anyar sing cilik banjur ditegesi kanthi crita cekak kang awujud prosa (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2010:9). Crita sajrone novel maneka warna, gumantung tema kang dadi lelandhesane crita. Ora kabeh novel ngemot crita kang ngayawara, sanajan kalebu crita fiksi.

Novel mujudake crita fiksi modheren. Novel nduweni titikan yaiku paraga utamane nduweni nasib kang anyar, mula iku sajrone novel uga ana (1) owahe nasib saka paraga crita, (2) ana saperangan babak sajrone urip paraga utamane, (3) biasane paraga utama ora nganti mati (Waluyo, 2011:5-6). Salaras karo pamawase Waluyo, Nurgiyantoro (2010:9) ngandharake novel minangka karya fiksi kang medharake aspek-aspek kamanungsan sing luwih jero lan dituwuhake kanthi alus.

Fungsi novel kaya dene nglipur dhiri, yaiku menahi pasinaonan ngenani urip, menahi kamareman batin, menahi pemahaman kang luwih jero tumrap pamaca lan bisa nulung pamaca dadi manungsa sing nduweni budaya sarta minangka alat kanggo ngresiki jiwa pamacane (Nurgiyantoro, 2010:3). Sajrone novel mesthi ngemot prakara-prakara sing dituwuhake dening pangripta. Prakara sing ana sajrone novel uga ana ing panguripan bebrayan sanyatane. Salah sawijine wujud prakara sing ana ing panguripane bebrayan yaiku prakara ing bale wisma mligine wayuh. Perkara ing bale wisma mligine wayuh kasebut salah sawijine perkara sing coba dituwuhake dening Tulus Setyadi.

Dideleng saka segi sosiologi struktural mligine teori strukturalisme Genetik novel *UIWK* anggitane Tulus Setyadi narik kawigatan lan perlu diteliti, jalaran novel *UIWK* nduweni gegayutan antarane lingkungan sosial nalika novel kasebut diripta dening pagripta. Mula saka kuwi, bisa diweruhi pamawase jagad, pamawase pangripta, lan pamawas bebrayan sajrone novel *UIWK*. Saliyane kuwi novel *UIWK* sangertine panliti durung nate diteliti, amarga novel *UIWK* kalebu novel anyar sing lagi diterbitake dening pangriptane.

## Struktur Sastra

Saben unsur karya sastra kuwi bisa katemtokake maknane, menawa sajrone unsur kasebut nduweni sesambungan karo unsur liyane. Sajrone panliten karya sastra, pendhekatan struktural mujudake pendhekatan sing kawitan lan struktural ora bisa ditinggalake dening panliten karya sastra. Pengkajian tumrap karya sastra mujudake kajian struktural karya sastra. Struktur yaiku susunan kang nuduhake tata hubungan antarane unsur pembentuk karya sastra, rangkaian unsur kang kasusun sacara terpadu (Zaidin, dkk, 2004:194). Sajrone karya sastra fiksi kang kalebu struktur kayata tema, paraga lan pamaragan, alur, plot, amanat, sudhut pandhang.

## Strukturalisme Genetik

Tintingan strukturalisme tumrap panliten karya sastra nduweni kalungguhan kang luwih murakabi, lumantar tintingan iki karya sastra bisa katintangi kanthi

luwih jero. Karya sastra bisa dimangerteni cikal bakale lan kedadeyane kuwi saka landhesan struktur sosial tartamtu. Bab iki uga disengkuyung dening Goldman (sajrone Endraswara, 2008:56) menawa karya sastra kuwi luwih ditengenake asal-usule. Saka bab kasebut, Goldman wiwit ngrekadaya kanggo ngrembakakake strukturalisme genetik adhedhasar pamawase sastrawan sosiologi (Lukaes sajrone Teeuw, 1998:152). Miturut Faruk (2015:12-13) strukturalisme genetik ora bisa uwal saka struktur lan pamawase pangripta. Pamawase pangripta bisa diweruhi lumantar lelandhesane pangripta, amarga saka andharane pangripta bisa mangerteni dhasare ngripta karya sastra.

Endraswara (2008:62) ngandharake tintingan strukturalisme genetik mawas karya sastra saka rong struktur, yaiku intrinsik lan ekstrinsik. Strukturalisme genetik mujudake dhasare panlitene sastra saka aspek sosial kang disebut sosiologi sastra. Strukturalisme genetik nengenake aspek struktur, bisa struktur intrinsik lan ekstrinsik kang tetep dianggep wigati tumrap pangertene karya sastra. Kang wigati saka kajian strukturalisme genetik yaiku karya sastra kang bisa ngandharake *fakta* kamanungsan.

Sawijining panliten kang nggunakake tintingan strukturalisme genetik iki ana saperangan bab kang perlu digatekake yaiku, (1) nintingi unsur-unsur karya sastra, (2) sesambungane unsur-unsur karya sastra kasebut karo kawutuhan karya sastra, (3) nintingi unsur-unsur bebrayan minangka asal-usule karya sastra, (4) sesambungane unsur-unsur bebrayan karo kawutuhane bebrayan, lan (5) sambung rakete karya sastra karo kabeh bebrayan kanthi wutuh (Ratna, 2011:126). Goldman (sajrone Faruk, 2015:56) ngandharake strukturalisme genetik mujudake maneka warna konsep, yaiku jagade manungsa, subjek kolektif, pamawasing jagad, *strukturasi* lan struktur.

## Wayuh

Sejarah wayuh kawitan miturut para ahli dilakoni dening raja-raja ing kerajan lan pawongan kang sugih. Para raja lan pawongan kang sugih kasebut nduweni saperangan wong wadon sing bakal dirabi, saliyan kuwi uga ana sing mung digunakake kanggo nglampiasake hawa nafsune, lan akeh para gadhis sing didadekake babu banjur didadekake gundhik lan sapanunggal. Saya sugih pawongan kasebut saya dhuwur kalungguhane, uga sansaya akeh nglumpukake wong wadon. Mula saka kuwi wayuh minangka peninggalan jaman perbudakan sing wis ana wiwit biyen wiwit sadurunge masehi.

Miturut Hildred Geertz (1983:34) wayuh kuwi oleh lan tumindak kasebut bisa ngangkat derajate pawongan, nanging sajrone masyarakat Jawa tumindak wayuh jarang dilakoni. Yen ana uga arang ditemoni rong pasang suami-istri manggon bebarengan neng omah sing padha, jalaran ora bisa rukun.

Wayuh kaperang dadi telu, yaiku (1) *wayuh* (sistem *perkawinan* kang ngijini wong lanang nduweni wanita luwih saka siji kanggo dadi bojone (*istrine*)), (2) *poliandri* (sistem *perkawinan* kang ngijini wong wadon nduweni bojo (*suami*) sing luwih saka siji, lan (3) *pernikahan* klompok (campuran antarane poligini lan poliandri). Senajan ta wayuh ora dilarang sajrone

kabudayan, nanging ditentang dening saperangan masyarakat, mligine kaum *feminis*.

Wayuh mujudake salah sijine ing antarane syariat Islam. Saliyane kuwi uga mujudake syariat kang akeh ditentang kaum muslimin, amarga ngrugekake kaum wanodya, miturut kaum wanodya sing isih ngugemi kaedah *emansipasi* wanita. Miturut Syaikh Mustafa Al-Adawiy (sajrone Priyanto. 2013. <https://muslim.or.id/12664-4-syarat-wayuh.html>) yen hukum wayuh yaiku sunnah. Syaikh Mustafa Al-Adawiy nduweni patang syarat kanggo wayuh, yaiku (1) bisa adil marang bojone (*istrine*), (2) ora lali ngibadah marang Gusti Allah, (3) bisa njaga bojo-bojone, (4) bisa menehi nafkah lair lan batin.

### **Patriarki sajrone Bebrayan Jawa**

Sistem patriarkhi sajrone kulawarga Jawa matesi ruwang lingkup wanita. Wanita mujudake bojo kang dipapanake ing lingkup dhomeistik dene priya ing lingkup publik. Andharan kasebut cundhuk karo panemune (Darni, 2015:18) kang ngandharake patriarkhi mujudake *sistem kekeluargaan* kang dianut dening masyarakat Jawa, sistem kasebut manggonake kalungguhane wong lanang sing mujudake kepala utawa pemimpin sajrone kaluwarga lan masyarakat. Sistem patriarkhi nganggep wong wadon mung wewujudan saka pihak kang *inferior* lan gumantung marang wong lanang.

Sistem patriarkhi kang lumaku sajrone masyarakat Jawa mujudake budaya kang sipate *sistematis*. Miturut sistem iki mung wong lanang kang nduweni hak dadi pemimpin ing kaluwarga lan masyarakat. Wong wadon sajrone patriarkhi mung nduweni peran wanita tradhisional kayata peran minangka bojo, ibu, lan objek seks tumrap wong lanang. Wanita kanthi peran tradhisional yaiku wanita kang durung bisa mandhiri lan isih gumantung marang wong tuwa lan bojo.

### **Wanita minangka objek sajrone wayuh**

Sistem patriarkhi sajrone kulawarga Jawa matesi ruwang lingkup wanita. Wanita mujudake bojo kang dipapanake ing lingkup dhomeistik dene priya ing lingkup publik. Wanita dianggep pawongan kang nduweni takdir luwih asor tinimbang wong lanang. Wanodya sajrone patriarkhi mung nduweni peran wanita tradhisional kayata peran minangka bojo, ibu, lan objek seks tumrap wong lanang. mula saka kuwi, akeh wong wadon sing dadi objek wayuh. Wayuh mujudake tumindake wong lanang sing nduweni bojo luwih saka siji. Bab iki ora munng gegayutan karo syariat Islam, nanging uga bisa kanggo muasake hawa nafsu wong lanang kasebut. Saliyane kuwi wanodya sajrone Agama Islam diharamake nglakoni wayuh.

### **Landhesaning Teori**

landhesaning teori kang digawe sajrone panliten iki yaiku tintingan strukturalisme genetik saka andharane Goldman (sajrone Faruk 2015:56) yen strukturalisme genetik sawijining tintingan kang ngrembug bab unsur intrinsik kang banjur digayutake karo kanyatan sajrone bebrayan kang nduweni konsep-konsep tartamtu

kayata jagade manungsa, subjek kelompok, strukturasi, lan pamase jagad.

Tema sajrone panliten iki yaiku wayuh. Wayuh miturut pamawase Hilderd Geertz (1983:534), mujudake tumindake pawongan kang nduweni bojo luwih saka siji, sajrone bebrayan Islam tumindak kasebut ora dilarang nanging arang sing nglakoni. Sabanjure bab wayuh kasebut digayutake karo kanyatan sosial kang dumadi, mula saka kuwi panliten iki nggawe judhul wayuh sajrone novel *Udan Ing Wanci Ketiga* kanthi nggunakake tintingan strukturalisme genetik.

### **METODHE PANLITEN**

Ancangan panliten mujudake salah sawijine trap-trapan sadurunge panliten kalaksanaan, amarga ancangan panliten mujudake panuduh sing bisa menehi ancer-ancer ngenani panliten kang bakal ditindakake. Panliten iki nggunakake metode pendhekatan *dheskriptif kualitatif*. Dheskriptif tegese ndhudhah dhata kang awujud tembung-tembung utawa gambaran, dudu wujud angka (Endraswara, 2008:3)

### **Sumber Dhatane Panliten**

Sumber dhata mujudake asal usule pikolehe dhata. Ratna (2013:47) ngandharake sajrone ilmu sastra sumber dhatane yaiku karya, naskah, dhata panlitene minangka dhata formal kang arupa tembung, ukara lan wacana. Sumber dhata sajrone panliten iki nggunakake rong jinis sumber dhata, yaiku dhata primer lan sekunder.

Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliten, dene sumber dhata sekunder yaiku sumber kang ora langsung menehi dhata marang panliti. Sumber dhata ing panliten iki arupa novel kanthi irah-irahan *Udan Ing Wanci Ketiga* anggitané Tulus Setyadi. Novel kasebut mujudake dhata primer. Dene dhata sekunder sajrone panliten iki yaiku wawancara.

### **Dhatane Panliten**

Dhata sing digunakake sajrone panliten iki arupa tetembungan, ukara, wacana, salah bawane paraga, kang ana ing novel *UIWK*. Kabeh wujud tembung, frasa, lan ukara-ukara didadekake sawijining bukti kanggo ndhudhah perkara kang ana sajrone panliten iki kang nggambarane wayuh sajrone novel *UIWK*, sabanjure bakal digayutake karo underane panliten liyane.

### **Instrumen Panliten**

Instrument yaiku alat kanggo nglumpukake dhata (Nazir, 2013:102). Instrumen sajrone panliten sastra ditindakake dening panliti dhewe. Jalaran panliti nduweni pangribawa kang wigati sajrone nindakake panliten kasebut. Panliti mujudake instrument kang nemtokake dhata kanthi disengkuyung karo pulpen, petelot, buku, lan sapanunggal kang dingo nulis dhata kang ana.

### **Tata Cara Nglumpukake Dhata**

Tata cara kanggo ngumpulake dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku tenik studi pustaka lan wawancara.

### Teknik Studi Pustaka

Langkah studi pustaka sajrone panliten iki yaiku:

- 1) Maca novel *UIWK* anggitané Tulus Setyadi kanthi dibolan-baleni, supaya bisa mangerteni isiné novel kasebut.
- 2) Wawancara karo narasumber, gegayutan karo pamawasing pangripta, pamawasing masyarakat, lan pamawasing jagad novel *UIWK*.
- 3) Teknik inventarisasi dhata, teknik iki kanthi cara ngumpulake sumber-sumber kapustakaan kang relevan karo ancasing panliten. Wujud sumber dhata sajrone panliten iki arupa tembung-tembung-tembung, ukara-ukara utawa paragraph kang gegayutan karo underane panliten.
- 4) Teknik klasifikasi dhata, teknik kanthi cara nggolongake dhata kang wis dikumpulake kang gegayutan karo wayuh sing ana ing novel *UIWK*. Dhata sing ora laras karo underne panliten ora digunakake.

### Teknik Wawancara

Tumindak kang dilakoni nalika miwiti wawancara miturut Nazir (2013:242) ana papat, yaiku:

- 1) Ngandharake gunane sarta tujuwane saka panliten.
- 2) Ngandharake alesan milih responden kasebut.
- 3) Ngandharake *institusi* apa sing nindakake panliten kasebut.
- 4) Ngandharake yen wawancara mujudake tumindak *confidensial*.

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

#### Unsur Pamangune Novel *UIWK*

Miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2010:68) struktur karya sastra mujudake trap-trapan kanggo negesake utawa nyethakake gegambarane kang ana sajrone karya sastra, sing sabanjure diperang dadi struktur sistem kang luwih gedhe lan komponen-komponen sing bakal dadi kamanunggalan kang wutuh. Struktur pamangune karya sastra kang bakal dirembug ing kene yaiku:

#### Tema

Tema yaiku jiwa saka kasusastran kang bakal ana sajrone saben unsur.

##### 1) Konflik Batin

Konflik Batin yaiku konflik kang dumadi sajroning ati utawa jiwane paraga, dadi mujudake konflik kang dialami dening manungsa karo awake dhewe (Nurgiyantoro, 2010:124). Konflik batin sing dialami dening paraga sajrone novel *UIWK* maneka warna. Konflik kasebut tuwuh saka prakara-prakara sing dialami dening paraga. Kayata durung nduwe anak, diwayuh, diblenjani lan sapanunggalane.

##### a) Durung Nduwe Anak

Suwe anggone mangun bale wisma nanging durung nduwe anak bisa nuwuhake perkara sajrone bale wisma, amarga dirasa ora ana sing njangkepi urip sajrone bale wisma, ora ana sing dadi hiasan hidup wong tuwane supaya dadi endah, lan ora ana sing nentremake ati wong tuwane. Sajrone novel *UIWK* gegambarane ora nduwe anak dialami dening paraga Nuryani.

Nuryani kepengin age-age nduweni momongan. Dheweke wis nate diajak Priyono priksa menyang dokter kandhungan, nanging dheweke ora gelem. Bisa diawas pethikan ing ngisor iki:

“Ora, Mas! aku mung sumelang wae. Pirang taun anggone awake dhewe omah-omah, ora kurang-kurang anggone padha netepi kewajiban. Tetese madu katresnan wis saben dina padhane dirasakna, nanging kaya muspra tanpa guna. Menawa kowe mbesoke mung arep nyingkurne aku, saiba cuwane atiku.” (*UIWK*, 2016:01)

Pethikan kasebut bisa ditegesi, yen Nuryani durung bisa nduweni anak. Wis suwe anggone omah-omah nanging nganti seprene durung bisa menehi keturunan kanggo Priyono. Nuryani lan Priyono wis bola-bali nglakoni saresmi nanging durung bisa ngandhut.

##### b) Wayuh

Wayuh mujudake tumindake pawongan sing nduweni bojo luwih saka siji (Sudaryanto, dkk 2001:1089). Prakara antarane Priyono lan Lasmiati ndadekake Priyono sansaya bingung. Dheweke bingung antarane Nuryani lan Lasmiati. Nanging kabeh wis dadi takdire saka Gusti. Dheweke kudu tetep ngrabi Lasmiati sing ngandhut bayine. Pungkasane dheweke nglakoni wayuh. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Enggal panjenengan ngrabi kula mawon, rampung perkawisipun.”

“nanging bojoku...”

“Dangu-dangu mangke inggih saged trimah.”

“apa slirane gelem dakwayuh.”

“mboten menapa, ingkang baku panjenengan tanggel jawab.” (*UIWK*, 2016:56)

Pethikan kasebut ngandharake Lasmiati mung kepengin dirabi Priyono. Cara ngrampungake prakara sing ana mung kanthi cara ngrabi dheweke, nanging saka pethikan cecaturan kasebut Priyono bingung. Dheweke isih mikirake bojone. Pamawase Lasmiati, kanthi lumakune wekktu Nuryani bakal bisa nrima kahanan sing ana. Kabeh perkara mesthi ana cara ngrampungake. Gumantung pawongan kasebut nyikapi kahanan sing ana. kudu bisa ngrampungake perkara kanthi becik supaya ora ana prakara sing bakal tuwuh maneh.

##### c) Lara Ati

Lara ati miturut Sudaryanto (2001:497) kahanan ati sing lara utawa ditatoni deing liyan. Perkara sing ditampa dening Nuryani, ndadekake lara ati. Saengga dheweke ora bisa legawa nampa perkara kasebut. Andharan kasebut bisa Kabukten saka cuplikan iki:

“Sing diajak omong mung meneng wae, ora gelem kumecap babar pisan. Sajak isih kelara-lara atine lan cuwa marang sing lanang. Nadyan panyawange ning televise nanging pikirane tekan ngendi-ngendi, prasaane ora karuwan. Sumpeg

menawa krungu tembung-tembunge Priyono.” (UIWK, 2016:71)

Salah sawijine sipat alami sing di nduweni manungsa yaiku lara ati. Lara ati sing dirasakake saben pawongan beda-beda penyebab. Saliyane kuwi lara ati bisa ndadekake tumindak balas dendam, nanging ora kabeh pawongan sing lara ati nglakoni bals dendam. Kaya pethikan kasebut ngandharake lara atine Nuryani, saka lara atine kasebut, ndadekake Nuryani ora bisa legawa marang kahanan sing ditampa.

## 2) Tumindak Sedheng

Tumindak sedheng mujudake tumindak sing ala. Tumindak kasebut digayutake karo bab seksualitas. Sajrone novel UIWK tumindak sedheng dilakoni dening Priyono. Dheweke nglakoni saresmi karo wanodya liya, nganti wanodya kasebut ngandhut. Saengga dheweke kudu tanggung jawab kanthi ngrabi. Andharan kasebut bisa Kabukten saka cuplikan iki:

“Dhasar lanang lan wadon sajroning kamar, lan padha kagubel nafsu birahi. Jagad wis kukut kaya ora ana sing bisa malangi karepe. Wong loro angon tresna tanpa kelingan sijine wis nduwe bojo kabeh kalah karo getih kang wus umob kanggo neteske wohing asmara.” (UIWK, 2016: 42)

Bisa dimangerteni yen Priyono lan Lasmiati tumindak sedheng. Wong wadone uga gelem dijak saresmi. Wong sakloron yen wis nglakoni tumindak kaya mangkono kaya-kaya ora sadhar yen wis salah sawijine wis ana sing nduwe bojo. Kaya dene Priyono sing ora ngelingi yen dheweke nduwe bojo. Dheweke malah lunga golek wong wadon liya jalaran bojone ora gelem ngladeni dheweke.

## Paraga lan Pamaragan

Paraga mujudake pawongan kang ditampilake sajroning karya naratif utawa drama, kang dening pamaos ditafsirake nduweni kualitas moral lan kecenderungan tartamtu, kaya kang diekspresikake menawa pocap lan apa wae kang ditindakake (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2010:165).

### 1) Priyono

Paraga utama sajrone crita *UIWK* yaiku Priyono. Dheweke mujudake paraga sing nduweni kalungguhan dhuwur, nanging dheweke kudu tanggung jawab marang tumindak sing wis nate dilakoni nalika dheweke mendem. Priyono mujudake paraga sing nduweni sikap tanggung jawab, adil, lan netepi janji.

#### a) Tanggung Jawab

Tanggung jawab miturut Sudaryanto (2001:994) yaiku nanggung yen ana alane, pakewuh. Tegese nglakoni tumindak kang mujudake kesadaran tumrap kewajiban dhiri pribadhine, saka tumindak sing wis dilakoni. Andharan kasebut bisa Kabukten saka pethikan iki:

“Hmm..Dhik Las, yawis saiki ngene wae. Aku daknemoni wong tuwamu. Aku bakal tanggung jawab apa sing dadi karepmu.” (UIWK, 2016:57)

Pethikan kasebut njlentrehake sipate paraga sing tanggung jawab. Dheweke gelem ngrabi Lasmiati sing wis ngandhut anake. Saliyane kuwi yen ora tanggung jawab bakale nggawe uripe susah, lan bisa melbu bui. Wong lanang sejati kuwi kudu bisa tanggung jawab. Sapa sing bisa nglakoni salah sawijine tumindak kudu bisa tanggung jawab marang kahanan sing ana.

#### b) Adil

Miturut Sudaryanto (2001:06) Adil yaiku trep anggane menehi pakuman, aweh panduman saukur karo pakaryan, lan ora pilih-pilih. Paraga utama Priyono saliyané nduwe sipat tanggung jawab uga nduweni sipat sing adil. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Priyono rumangsa lega, nadyan diwenehi wektu rongdina nanging sing penting wis entuk palilah.” (UIWK, 2017, 75)

Pethikan kasebut ngandharake tumindake Priyono sing njaluk palilah saka bojo tuwane supaya diwenehi wektu kanggo ngancani bojo enome. Dheweke kudu bisa adil, lan bisa andum wektu kanggo bojo saklorone. Sawise pikantuk palilah dheweke rumangsa lega.

#### c) Netepi Janji

Janji miturut Sudaryanto (2001:352) yaiku saguh arep netepi kasaguhane. Netepi janji tegese ora bakal mblenjani apa sing wis diucapake utawa ditindakake. Priyono uga paraga sing gampang netepi janji. Pawongan sing becik yaiku pawongan sing nduweni sipat netepi janji. Andharan kasebut salaras karo pethikan iki:

“Pak Karjo lan Mbok jainem saiki wis ora kwatir weruh panguripane anake. Apamaneh yen nyawang omahe Lasmiati, sajak mongkok atine. Priyono janji bakal nyukupi kabutuhane Lasmiati. Niyate kuwi diucapake ing ngarepe wong tuwane Lasmiati nalika arep budhal pindhahan.” (UIWK, 2016:77)

Pethikan kasebut ngandharake yen Priyono nduweni sikap netepi janji marang wong liya. Janji sing diucapake menyang wong tuwane lasmiati bakal dilakoni. Uripe Lasmiati saiki sarwa kacukupan lan mewah. Nandi wae dheweke dterake sopir, lan numpak mobil. Omahe uga apik. Saliyane kuwi Priyono uga bisa tumindak wicaksono marang Lasmiati, jalaran kabutuhan lair lan batine Lasmiati dicukupi dening Priyono.

## 2) Nuryani

Nuryani yaiku bojo tuweke Priyono. Dheweke kudu nanggung tumindake Priyono kanthi gelem diwayuh dening Priyono, jalaran Priyono nandur wiji marang

Lasmiati. Dheweke minangka bojo tuwek nduweni sipat sakarepe dhewe.

**a) Tumindak sakarepe dhewe**

Tumindak sakarepe dhewe mujudake tumindak sing ala. dianggep nduweni rasa egois sing gedhe, lan ora manut aturan sing ana. Tumindak kasebut bisa ngrugekake pawongan liya. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Dakwenehi ganti rugi, nanging perkara iki aja nganti krungu tekan njaba. Kowe wis ora usah nemoni bojoku maneh. Pokoke dianggep rampung ning kene. Sateruse kaya ora ana apa-apa wae.” (UIWK, 2016:20)

Pethikan kasebut ngandharake sikap Nuryani sing sakarepe dhewe. Pethikan kasebut kawawas nalika Nuryani lan Lasmiati lagi cecaturan. Nuryani kepengin ngrampungake perkara kanthi nyogok Lasmiati. Kekarepane marang Lasmiati sing lagi ngandhut diwenehi ganti rugi dhuwit, supaya Lasmiati ora njaluk tanggung jawabe Priyono. Saliyane kuwi uga ora kepengin keluargane nganti kewirangan lan kabar kasebut krungu nganti tekan njaba.

**3) Lasmiati**

Lasmiati yaiku bojo enome Priyono sing nduweni sipat sing becik yaiku perdulen marang liyane, lan legawa.

**a) Perdulen**

Sipat perdulen nduweni rong jinis, yaiku perdulen marang dhiri pribadhi lan perdulen marang pawongan liya. Sipat perdulen marang pawongan liya mujudake tumindak sing becik. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Pak Pri langkung prayogi menawi perkawis menika sampun ngantos dumugi pihak berwajib. Kula menika tiyang alit, mboten dados menapa menawi kedah dados omongan tiyang sanes. Nanging enget, panjenengan menika tiyang ingkang dikurmati. Pyayi sugih kagungan asma dating mriki. Nanging menawi panjenengan tetep mboten ngakeni, menapa mboten badhe kewiragan. Asma panjenengan badhe kucem, kawibawan panjenengan badhe anjlog. Nuwun sewu, panjenengan penggalih ingkang sae, Lasmiati semu ngancem.” (UIWK, 2016:34)

Pethikan kasebut ngandharake sipate Lasmiati perdulen. Dheweke isih nduweni rasa pangerten marang Priyono. Lasmiati isih mikirake kahanane wong lanang kasebut, supaya ora kewirangan, dheweke uga tansah melu njaga kawibawane. Mula saka kuwi, Lasmiati ngeman Priyono. Luwih becik Priyono ngakoni anak sing dikandut dening dheweke tinimbang kewirangan. Tumindake Lasmiati sing kaya mangkono ana penere, saliyan njaga kawibawane Priyono uga mbukak pamikirane lan ngedhem atine supaya gelem ngrabi dheweke.

**b) Legawa**

Legawa mujudake sipat nrima ing pandum. Nrima samubarang sing wis kedadeyan ning uripe (Sudaryanto, 2001:649). Sipat legawa sajrone novel UIWK ditindakake dening Lasmiati. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Kula sampun Eklas senaosa namung nikah siri. Ateges miturut cara agami sampun sah. Menika kathah artis saha pejabat ingkang nindakaken kados mekaten. Nanging sampun salah panampi, anggen kula purun menika mboten teges badhe mloroti bandha. Kula saestu tresna saha nyuwun pangayoman saking panjenengan. Pramila nalika kula badhe dipun gantos kalih arta, kula mboten purun. Tumrap kula tresna menika ngungkuli sedayanipun.”(UIWK, 2016:85)

Pethikan kasebut ngandharake sipate Lasmiati sing bisa sabar lan legawa nampa kahanan sing ana. Kabuti saka omongane Lasmiati yen dheweke Eklas senajan ta mung nikah siri, amarga nikah siri miturut agama wis sah. Saliyane kuwi Lasmiati uga tresna tenanan karo Priyono. Niyate kepengin dirabi karo Priyono dudu perkara kepengin mloroti bandha nanging perkara tresna. Wong wadon sing diwayuh kudu bisa legawa, amarga sikap kasebut nuduhake yen dheweke wis siyap lair lan batin. Tumindak sing kaya mangkono bisa dadi kaca benggala tumrap pawongan sing diwayuh dening bojone.

**Alur**

Alur yaiku salah siji unsur intrinsik karya fiksi kang wigati banget. Miturut Stanton (2007:26) alur yaiku crita kang isine kedadeyan kang bisa digayutake lumantar *sebab-akibat*, yaiku kedadeyan siji bisa nyebabake kedadeyan liyane. Alur ngandharake kedadeyan-kedadeyan kang ngemu konflik saengga bisa narik kawigaten pamaca. Alur sajrone novel *UIWK* nduweni alur campuran.

Tuladhane nalika Priyono nyritakake kedadeyan sing sanyatane marang Nuryani. Sajrone crita iku ana alur mundhur sing ngandharake kepriye mula bukane kedadeyan Priyono bisa nganti nandur wiji marang Nuryani. Saka crita kasebut banjur nuwuhake dredah nganti pungkasane Priyono kudu nglakoni wayuh supaya prakara sing ana rampung.

**Setting**

Setting utawa latar miturut Nurgiyantoro (2010:217), kanthi anane latar bisa ngandharake crita sajrone karya sastra supaya katon nyata lan cetha, lan nuwuhake swasana sing nyata tumrap pamacane. Setting sajrone novel *UIWK* sing kawitan ana ing kamar.

Tuladhane yaiku nalika Nuryani lagi leyehe-leyeh ing kamar lan nglamunake apa sing diucapake dening Priyono. Kamar pancen mujudake panggonan sing kepenak kanggo nenagake pikiran.

Setiing utawa latar panggonan sabanjure yaiku neng teras omah. Tuladhane nalika Lasmiati medhayoh menyang omahe Nuryani. Dheweke ora dilungguhake ning



njero omah, nanging neng teras omah. Kahana kasebut cetha lumantar pamikiran Nuryani kanggo jagan-jagan yen Lasmiati bocah apus-apus sing kape nyilakani Nuryani.

Latar panggonan sing sabanjure yaiku neng warung. Warung mujudake panggonan kanggo cangkruk. Tuladhane yaiku nalika Priyono mendem lan lambene sepet ora nggawa rokok, pungkasane mobile dienggokake neng warung mburine terminal kanggo tuku rokok lan kopi.

Sabanjure latar panggonan sing digawe yaiku neng kantor. Jalaran Priyono mujudake wong penting sing pakaryane manggon ing kantor. Tuladhane yaiku saka andharane pangripta sing nyritakake kahanane Priyono ing kantor katon ora jenek lan kakehan pikiran.

Saliyane kuwi latar panggonan sing digunakake dening pangripta yaiku neng dalan. Latar iki asring ana sajrone cerita jalaran latar panggonan sing dikenal dening pamaca. Tuladhane nalika Priyono mikir sadawane dalan kanggo ngrampungake perkarane karo Lasmiati.

Latar panggonan sing sabanjure neng omahe Lasmiati. Tuladhane yaiku Lasmiati sing celuk-celuk wong tuwane nalika Priyono wis teka lan lungguh neng kursi reyot. Saliyane kuwi diandharake yen kuwi gubuge Lasmiati.

Latar panggonan sing pungkasan yaiku neng klinik. Neng kene panggonane Lasmiati mbabarake bayine. Saliyane kuwi Priyono uga age-age tumuju klinik sawise nampa kabar yen Lasmiati uwis nglairake anake.

### Sudhut pandhang

Sudhut pandhang miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2010:248) mujudake cara utawa pandangan sing digunakake pangripta minangka sarana kanggo ngandharake paraga, tumindak, latar, lan saperangan prastawa sing mbentuk crita sajrone karya fiksi marang pamaca.

Pangripta anggone ngripta novel UIWK nggunakake sudhut pandhang *persona* ketiga “dia”. Pangripta ora nggunakake “aku” sajrone ngandharake paraga, nanging nggunakake jeneng liya kaya dene Nuryani, Priyono, Lasmiati lan liya-liyane.

### Gegambarane Wayuh sajrone Novel UIWK

Gambarane wayuh sajrone novel UIWK iki diperang dadi loro, yaiku linambaran adil lan linambaran eklas. Adil lan eklas mujudake saperangan syarat kanggo nindakake wayuh. Pawongan kang wayuh kudu bisa adil lan eklas.

### Linambaran Adil

Adil asale saka tembung `adilun sing nduweni teges padha utawa imbang. Miturut Sudaryanto (2001:06) Adil yaiku trep anggone menahi pakuman, aweh panduman saukur karo pakaryan, lan ora pilih-pilih Adil sajrone novel UIWK mujudake adil marang bojo-bojone, bojo enom lan bojo tuwa. Adil ing novel UIWK dilakoni dening Priyono, minangka paraga kang nindakake wayuh. Andharan kasebut bisa Kabukten saka pethikan iki:

“Sarampunge ijab Lasmiati banjur digawa ning perumnas duweke Priyono sing ora dingerteni dening Nuryani apa keluwargane. Omah sing magrong-magrong lan isine sarwa komplit. Malah karo Priyono dicepaki mobil siji lan Budi minangka sopire. Saiki Lasmiati wis dadi nyonya besar. Warung dikun ngurusi Lik Gemi sing biyasa ngrewangi.” (UIWK, 2016:77)

Pethikan kasebut ngandharake yen uripe Lasmiati dikepenakake dening Priyono. Lasmiati diwenehi omah kang gedhe magrong-magrong isine sarwa komplit, lan disiyapi supir pribadhi, menawa sawayah-wayah marune kuwi kepengin metu blanja utawa ana keperluan liyane. Kahanane saiki ora beda karo bojo tuwane, Nuryani uga manggon neng omah sing becik sarwa komplit,

### Linambaran Eklas

Eklas yaiku sikap utawa tumindak sing tuwuh saka kepinginan dhiri pribadhi, dudu perintah saka pawongan liya, lan ora ngarepake imbalan saka pawongan liya. Eklas miturut basa yaiku tuluse ati, lan ngesik ati. Sikap Eklas sajrone novel UIWK dilakoni dening Lasmiati lan Nuryani. Lasmiati kudu eklas, jalaran dheweke minangka bojo enom kudu ngalah marang bojo tuwa, lan kudu bisa mangerteni kahanan sing ana. Dene Nuryani kudu eklas amarga diwayuh dening Priyono. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Kula sampun Eklas senaos namung nikah siri. Ateges miturut cara agami sampun sah. Menika kathah artis saha pejabat ingkang nindakaken kados mekaten. Nanging sampun salah panampi, anggen kula purun menika mboten teges badhe mloroti bandha. Kula saestu tresna saha nyuwun pangayoman saking panjenengan. Pramila nalika kula badhe dipun gantos kalih arta, kula mboten purun. Tumrap kula tresna menika ngungkuli sedayanipun.”(UIWK, 2016:85)

Pethikan kasebut ngandharake sipate Lasmiati sing bisa eklas. Dheweke nrima yen mung dinikahi siri, jalaran nikah siri miturut agama wis sah. Ora ana kekeparepan kanggo nuntut sing neka-neka marang bojone, amarga wis rumangsa bungah atine dirabi karo Priyono.

Nuryani sing rumangsa dilarani dening bojone wis ora kuwat nampa kahanan sing ana. Dheweke minangka wong wadon sing durung bisa nduweni anak rumangsa cuwa, lara ati. Nganti kapan wae ora bisa nglilani yen bojone rabi karo Lasmiati, lan nduweni anak saka Lasmiati dudu saka dheweke. Dheweke mung bisa nangsang. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Mbokmenawa kaya ngono rasane wong sing arep ditinggal wayuh. Sajak ora bisa nrimakake menawa nganti tresnane bojone kudu diendum. Putusan kuwi bakal gawe memala lan padha wae arep ngedu rasa. Abot pancen, menawa arep ngeculake karepe sing lanang.”(UIWK, 2016:71)

Pethikan kasebut ngandharake yen Nuryani ora lila anggone nyarujuki kekarepane bojone. Saka pethikan kasebut bisa ditegesi yen dheweke nguda rasa marang kahanan sing kudu ditrima dheweke. Nuryani minangka wanodya bisane mung pasrah.

### **Pamawase Pangripta ngenani Wayuh**

Tulus Setyadi minangka pangriptane novel UIWK nduweni pamawas dhewe ngenani wayuh. Miturut Islam wayuh yaiku tumindake pawongan kang nduweni bojo luwih saka siji, lan ora dilarang amarga sunnah rosul. Andharan kasebut selaras karo pamawase Tulus Setyadi kang bisa diwawas saka asile wawancara:

“Wayuh dideleng saka sudhut pandhang Agama Islam ora dilarang, kuwi mujudake sunnah Rosul. Pawongan sing wayuh kudu bisa tanggung jawab, mampu nafkahi lair batin, kuwi syarat kanggo wayuh. Menawa Wayuh neng pegawai negri mung siji sing oleh hak waris. Iha nek sajrone novel UIWK Lasmiasi nikah siri amarga ora pikantuk pasurujukan saka Nuryani, amarga bojo tuwa wedi yen kelangan hak sacara hukum.” (Tulus S, 29 April 2017)

Asile wawancara kasebut ngandharake menawa miturute Tulus Setyadi, wong sing wayuh iku oleh, amarga kuwi sunah Rosul. Menawa dilakoni oleh pahala, yen ora dilakoni ora apa-apa. Jaminan kanggo wong wadon sing diwayuh uga swarga. Sajrone masyarakat, wayuh dianggep tumindak sing kurang becik. Apa maneh wong ndesa yen ana sing wayuh marang masyarakat bakal ora diajeni.

### **Pamawase Masyarakat Ngenani Wayuh**

Pamawas saben pawongan ngenani wayuh kuwi beda-beda. Saperangan masyarakat diwawancara ngenani wayuh. Ana saperangan responden kang ora setuju, lan ana sing setuju karo wayuh. Supaya luwih cetha, alasan kasebut bakal kaandharake lumantar asile wawancara saperangan responden sing ora setuju wayuh. Andharan kasebut bisa kawawas saka asile wawancara iki:

“Wayuh dalam agama tidak dilarang, tapi kanggoku aku ora setuju. Sebab wong kasebut ora is ngendakake nafsune dhewe, lan termasuk merendahkan martabate wong wedok. Pancen kudune neng agama wong kuwi berpassang-pasangan. Tapi nek wayuh koyok wong sing ora bisa ngendakake nafsune. Ibarate ae siji ae ora entek-entek kok arep golek maneh. Wayuh kudu didelok penyebab, akeh sing njalarai kayata ekonomi, ora nduwe anak, lan sapanunggalane. Kanggo sing nglakoni wayuh kudu bisa adil, lan sing diwayuh kudu Eklas. Masalah adil yen bojo siji diwehi blonjo satus bojo sing kaloro lan sateruse ya kudu satus. Masalah asmara ya padha. Mangkane nek isa gak usah wayuh, cukup siji wae ben ora mikir blonjo ne bojjo kene, blonjone bojo kunu. Wis cukup siji wae pikirane unglul. Ora mikir rena-rene.” (Eko, 2 Juli 2017)

Asile wawancara kasebut ngandharake yen narasumber ora sarujuk karo wayuh. Miturute wayuh kaya dene wong sing ora bisa njaga nafsune. Nduweni nafsu kang gedhe. Yen sajrone agama pancen kabeh pasang-pasangan, yen ana wayuh kabeh kuwi takdir saka gusti. Wayuh pancen kudu Eklas. Eklas kanggo sing diwayuh, lan kudu adil kanggo sing moligami. Adil saka ngendi wae, saka ekonomi, saka asmara, saka bandha donya lan sapanunggalane. Miturute narasumber wis kepenak nduwe bojo siji wae. Ora mikir rena-rene pikirane isa unglul tumuju siji bojo lan anak-anake.

Ana salah sawiji narasumber sing kagolong enom. Yen ditakoni ngenani wayuh dheweke ora nduweni pepenginan kanggo nindakake wayuh. Dheweke ora kepengin nglarani atine wog wadon. Andharan kasebut Kabukten saka asile wawancara iki:

“Wayuh itu kan seorang suami yang mempunyai istri lebih dari satu. Saya tidak setuju dengan wayuh karena menyakiti hati orang lain, apalagi kalau tidak bisa adil justru menyakiti hati. Wayuh yang baik itu kan harus adil, tanggung jawab. Tapi saya beranggapan wayuh itu tidak baik. Apa lagi istri tertua harus bisa Eklas. Tapi Eklas itu sulit. Mana ada yang mau diwayuh sekarang. Kalau-ustad-ustad yang berwayuh mungkin dia menjalankan sunnah rosul. Yang menjalankan sunnah Rosul biarlah. Kalau saya nggak mau.” (Bagus, 2 Juli 2017)

Asile wawancara kasebut ngandharake yen narasumber ora setuju wayuh. Dheweke kepengin setya marang bojone. Senajan isih enom, durung suwe anggone omah-omah, nanging nduweni pamikiran sing becik ngenani wayuh. Saben pawongan mesthi nduwe pamawas sing beda-beda gumantung ati lan pamikirane kepriye ngenani wayuh kasebut. Miturute narasumber yen kaya ustad-ustad sing wayuh kuwi nindakake sunnah Rosul. Jenenge sunnah yen dilakoni pikantuk pahala, yen ora dilakoni uga ora dosa. Dadi dheweke ora pengin nglakoni wayuh.

Saliyane wawancara langsung uga ana wawancara ora langsung sing kajupuk saka artikel-artikel, buku-buku, majalah, koran sing isine ana gegayutane karo perkara wayuh. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

**Metrotvnews.com, Medan**— *Wayuh tak selamanya membawa kebahagiaan. Apa yang dialami Eko Wijaya menjadi pelajaran berharga baginya. Pria itu dituntut hukuman 10 bulan penjara karena berwayuh tanpa seizin istri pertama. Jaksa menyatakan terdakwa Eko melanggar Pasal 279 KUHP tentang Penipuan. Hal yang memberatkan terdakwa kawin lagi tanpa seizin istri pertamanya. Sedangkan hal meringankan terdakwa tidak pernah dihukum. Dalam kasus ini, pernikahan kedua Eko Wijaya berujung masalah ketika istri pertamanya Neni Suariati mendapati foto-foto pernikahan Eko*

Wijaya dengan istri keduanya Desi Kartika yang diunggah ke situs pertemanan Facebook. Niat lelaki itu membina biduk keluarga dengan wanita muda, kandas sudah. (<http://sumatera.metrotvnews.com/peristiwa/IKY1zqXK-nikah-lagi-tanpa-izin-istri-pria-ini-dituntut-10-bulan-bui>)

Bisa kawawas yen sajrone artikel kasebut ngandharake akibate wayuh. Wayuh bisa dilakoni yen wis pikantuk pasarujuan saka bojo sing kawitan. Kaya sig dialami dening Eko. Dheweke kudu di penjara, amarga rabi maneh jalaran ora pikantuk pasarujuan bojone sing kawitan. Dheweke rabi kanthi ndelik-ndelik, lan ora rembugan karo bojone. Mula saka kuwi dheweke pikantuk ukuman 10 wulan neng penjara. Eko nglanggar Pasal 279 KUHP ngenani penipuan. Bab ngenani rabi tanpa pasarujuan bojo tuwane.

### **Pamawase Jagad sajrone Novel UIWK**

Pamawase jagad saka andharan-andharan neng sub-bab sadurunge yaiku wayuh kalebu syariat Islam sing mujudake sunah Rosul. Pamawasing jagad ngenani wayuh sajrone novel UIWK adhedhasar surat Al-Qur'an, yaiku surat An-Nisa ayat 3. Pamawase msayarakat ngenani wayuh kang wis diandharake ing subbab sadurunge nuduhake menawa pamawase jagad sajroning novel UIWK ngandhut nilai-nilai luhur kaya kang dinadharake ing ngrisor iki.

#### **1) Nilai Luhur kang Gegayutan karo Dhiri Pribadhi (Indhidhu)**

Nilai luhur kang gegayutan karo dhiri pribadhi mujudake babagan kang ngajarake nilai-nilai moral amrih manungsa bisa nduweni tanggung jawab marang dhiri pribadhi lan marang apa kang wis ditindakake. Nilai-nilai luhur kang gegayutan karo dhiri pribadhi antarane yaiku, sabar, lan manut.

##### **a) Sabar**

Sabar yaiku sipat ngendhalekake emosi saka tumindak ala (Syam, 2010:19). Saben manungsa kudu nduweni rasa sabar amrih bisa ngendhalekake emosi dhiri. Sabar mujudake benteng kang kuwat kanggo ngadahepi sakabehing pacoban urip kang ditampa. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“inggih mboten menapa-napa. Sampun kwatos kula tansah nengga kondur panjenengan. Wangsulane Lasmiati lirih.” (UIWK, 2016:87)

Pethikan kasebut mujudake kahanane Lasmiati sing sabar. Dheweke tansah sabar ngenteni Priyono bali tekan omah bojo tuwane. Lasmiati ora papa yen dheweke ditinggal, jalaran bojone minangka wong lanang sing kudu bisa tanggung jawab, kudu bisa adil lan netepi janjine. Mung sabar sing dadi kuncine supaya anggone urip bale wisma karo Priyono ora ana prakara.

##### **b) Manut**

Manut yaiku nurut, ora nolak, lan ora nglawan marang sakabehe prentah (Prawiroatmodjo, 1994:336). Sipat manut miturut masyarakat Jawa mujudake salah

sawijine sipat utama kang dinduweni dening wanodya. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Inggih kula sampun mangertos. Kula badhe njaga wadi menika. Sedaya badhe kula wujudaken kangge nedhahaken tresna kula dhumateng panjenengan.” (UIWK, 2016:85)

Pethikan ukara kasebut mujudake sipat manute Lasmiati marang bojone. Dheweke bakal nglakoni apa wae sing dikarepake Priyono. Kabeh dilakoni kanggo nuduhake rasa tresna lan setyane. Supaya bojone uga percaya marang pangrasane. Tumindake lasmiati mujudake tumindak kang becik. Wong wadon sing manut akeh digoleki wong lanang. Jalaran saben wong lanang kepengin nduweni bojo sing manut marang dheweke.

#### **2) Nilai Luhur kang Gegayutan karo Manungsa Liyane.**

Nilai luhur kang gegayutan karo manungsa liyane mujudake babagan kang ngajarake tumindak becik sajrone urip bebrayan. Nilai-nilai luhur kang gegayutan karo manungsa liyane yaiku tanggung jawab, lan adil.

##### **a) Tanggung Jawab**

Miturut Sudaryanto (2001:994) tanggung jawab yaiku nanggung yen ana alane, sarwa pakewuh. Tanggung jawab sajrone novel UIWK dilakoni dening paraga Priyono kang minangka paraga utama sajrone novel UIWK. Andharan kasebut kabukti ska pethikan iki:

“Hm..Dhik Las, yawis saiki ngene wae. Aku daknemoni wong tuwamu. Aku bakal tanggung jawab apas ing dadi karepmu.” (UIWK, 2016:57)

Pethikan kasebut ngandharake yen Priyono gelem tanggung jawab. Dheweke wis sadhar dhiri yen kudu tanggung jawab, lan kudu nglakoni tumindak wayuh amarga pokal gawene dhewe sing nate nglakoni saresmi karo Lasmiati nganti ngandhut. Wong lanang sing wis dewasa kudu bisa tanggung jawab.

##### **b) Adil**

Adil asale saka tembung `adilun sing nduweni teges padha utawa imbang. Miturut Sudaryanto (2001:06) Adil yaiku trep anggone menahi paukiman, aweh panduman saukur karo pakaryan, lan ora pilih-pilih. Tumindak adil sajrone novel UIWK dilakoni dening paraga Priyono. Dheweke adil marang bojone sakloron lan bisa mbagi wektu kanggo bojone sakloron, bisa nafkahi kanthi adil tanpa ana sing kekurangan. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Priyono rumangsa lega, nadyan diwenehi wektu rongdina nanging sing penting wis entuk palilah.” (UIWK, 2017, 75)

Adil mujudake salah sawijine syarat kanggo wayuh. Sajrone Agama Islam tumindak adil kuwi penting, jalaran adil mujudake salah sawijine tumindak sing becik lan tumindak sing bisa agawe seneng wong liyan. Sajrone wayuh, adil kudu dilakoni. Kabeh kuwi wis kecathet ning

surat An Nisa. Ora bisa dilanggar. Saka pethikan kasebut ngandharake tumindake Priyono sing njaluk palilah saka bojo tuwane supaya diwenehi wektu kanggo ngancani bojo enome. Palilah saka bojo tuwane bisa ndadekake Priyono bisa nduweni sipat sing adil.

### 3) Nilai Luhur kang Gegayutan karo Gusti kang Maha Asih

Nilai luhur kang gegayutane karo Gusti kang Maha Asih mujudake babagan kang ora bisa dipaksakake, amarga saben manungsa nduweni kapercayan lan keyakinan dhewe-dhewe. nilai-nilai luhur kang gegayutan karo Gusti kang Maha Asih yaiku Dedonga, lan pasrah.

#### a) Dedonga

Dedonga yaiku nyuwun kanthi Eklas amrih oleh pangapura lan rahmat saka Gusti Allah (Mawsuah, 2009:83). Dedonga mujudake salah sawijining ibadah kang asipat sunah, nanging uga diprentahake dening Gusti Allah amarga dedonga mujudake sikap andhap asor manungsa marang Gustine. Dedonga sajrone novel UIWK ditindakake dening paraga Nuryani. Dheweke dedonga marang Gusti supaya enggal diwenehi anak. Andharan kasebut kabukti saka pethikan iki:

“Percaya Gusti bakal ngijabahi apa sing dadi pengarep-arepmu. Aja kendhat anggonmu ndedonga, muga awake dhewe enggal entuk momongan. Ora mung siji nanging sejinah.” (UIWK, 2016:02)

Pethikan kasebut ngandharake yen Nuryani aja nganti mandeg anggone dedonga. Dheweke kudu terus dedonga supaya enggal diwenehi momongan dening pengeran. Salah sawiji dalan supaya kekeparepan bisa diijabahi ya mung lumantar ndonga. Dedonga yaiku nyuwun kanthi eklas amrih oleh pangapura lan rahmat saka Gusti Allah. Yen ndongane kanthi khusus Gusti Allah bisa ngijabahi.

#### b) Pasrah

Pasrah yaiku percaya lan sadhar marang takdir (Suseno, 2003:135). Sadurunge pasrah, manungsa kudu ngupaya luwih dhisik amrih apa kang dikarepake bisa kasil. Sikap pasrah sajrone novel UIWK ditindakake dening paraga Nuryani. Dheweke pasrah anggone nrima kahanan sing ana, pasrah marang keputusan bojone. Saliyane kuwi uga pasrah diwayuh. Nuryani percaya yen mbesok bakal urip luwih penak tinimbang saiki. Andharan kasebut Kabukten saka pethikan iki:

“Karepmu Mas, swarane serak semu abot.” (UIWK, 2016:74)

Cuplikan kasebut ngandharake Nuryani pasrah marang kahanan yen dheweke kape diwayuh. Bojone ape rabi maneh. Dheweke wis ora bisa apa-apa yen kuwi kekeparepan bojone.

## PANUTUP

### Dudutan

Saka andharan bab IV kang wis dijlentrehake bisa didudut manawa novel *Udan Ing Wanci Ketiga Anggitane Tulus*

Setyadi nduweni unsur pamangun kaya dene tema, paraga, alur, setting, sudhut pandhang. Tema sajrone novel UIWK ana tema minor lan mayor. Tema minore yaiku durung nduwe anak, wayuh, lara ati lan tumindak sedheng. Paraga utamane yaiku Priyono kang nduweni sipat tanggung jawab lan Adil, dene Nuryani nduweni sipat kaku, tumindak sekarepe dhewe, Lasmiati nduweni sipat sing sabar, legawa, lan perdulen. Setting sing digunakake pangripta sajrone novel UIWK yaiku ana neng omah, kantor, dalan lan sapanunggalane. Kanthi nggunakake alur campuran, lan sudhut pandhang ketelu.

Novel *UIWK* katintingi nganggo tintingan strukturalisme genetik. Sajrone neovel kasebut kinandhut rong gegambaran wayuh. Gegambarane yaiku linambaran adil, lan linambaran eklas saka bojo enom lan tuwa. Adil lan eklas mujudake syarat kanggo nglakoni tumindak wayuh. Paraga kang nglakoni tumindak adil yaiku Priyono kang mujudake paraga utama, dene kang nglakoni eklas yaiku bojone sakloron. Nuryani bojo tuwane lan Lasmiati bojo enome kang kudu eklas nrima kanyatan sing ana.

Pangripta sajrone ngripta novel kasebut ora uwal saka gegambaran panguripaning bebrayan. Ngenani pamawase pangripta tumrap wayuh yaiku gumantung prakara sing dialami manungsa, jalaran prakara sing dialami manungsa kuwi kompleks. Kabeh gumantung kahanan sing ana. Wayuh uga mujudake kemenangan kanggo wong lanang, nanging yen wanodya ora nyarujuki kudune ora nindakake wayuh. Saliyane kuwi pawongan kang nindakake wayuh kudu bisa adil, bisa nyukupi kabutuhan bojone sakloron, sugih bandha lan donya.

Semana uga pamawase bebrayan ngenani wayuh sajrone kasunyatan sosial, akeh pawongan sing ora sarujuk marang wayuh, amarga tumindak kasebut nglarani atine wanodya. Nanging kahanan kasebut gumantung takdir saka gusti, yen takdire wayuh ora bisa selak, kudu bisa nrima kanthi tulus lan eklas. pawongan kang nglakoni tumindak kasebut ana nanging ora akeh, mung pawongan tartamtu kaya dene pawongan sing sugih bandha donya, adil utawa tokoh-tokoh agama.

Saka andharan kasebut bisa didudut anane Pamawase jagad yaiku wayuh kalebu syariat Islam sing mujudake sunah Rosul kang adhedhasar surat Al-Qur'an, surat An-Nisa ayat 3. Ing surat kasebut ngandharake wayuh ora luwih saka patang wong, kudu bisa tumindak adil lan bisa nafkahi lair lan batin. Novel UIWK menehi gegambaran ngenani wayuh, mligine ngenani akibat utawa sisi positif lan negatif saka pengetrapane wayuh kang sabanjure nuwuhake pamawas dhewe-dhewe saka masyarakat saengga ndadekake pamawas jagad. Pamawase masyarakat ngenani wayuh kang wis diandharake ing subbab sadurunge nuduhake menawa pamawase jagad sajroning novel UIWK ngandhut nilai-nilai yaiku sabar, manut, tanggung jawab, adil, dedonga, lan pasrah.

### Pamrayoga

Novel *UIWK* angitane Tulus Setyadi iki ngandhut pesen kang becik tumrap kabeh pamaos. Pesen kang kinandhut yaiku manungsa kudu bisa ngempet hawa nafsune, jalaran manungsa diciptakake dening Gusti kanthi nduweni nafsu sing gedhe. Hawa nafsu sing ala bisa ndadekake manungsa cilaka. Kabeh tumindak sing bakal

dilakoni dening manungs kudu dilakoni kanthi ngati-ngati lan kudu dipikir kanthi becik. Pesen kasebut kaajab bisa menehi tuladha lan panggulawenthah kang becik. Lumantar panliten iki, uga kaajab bisa nyengkuyung pangrembakane sastra ing jagade kasusastran Jawa Modern.

Tumrap pamaos panliten iki kaajab bisa dadi sawijining dalam kanggo mangerteni sastra Jawa Modern lan uga ngundhakake daya *kretifitas* kanggo ngapresiasi karya sastra. Panliten iki mung nyuguhake saperangan tafsiran lan tintingan marang crita fiksi arupa novel, dene panliten iki dudu sawijine panliten kang kaanggep paling sampurna. Anggone nyerat asile panliten ana saperangan tetmbungan utawa liyane kang luput. Kajaba kuwi ing ngalam ndonya ora ana kang sampurna saliyan Gusti Pangeran. Kaajab marang panliten sabanjure bisa luwih sampurna lan luwih becik tinimbang panliten sadurunge.

## KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2004. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Arikunto, Suharsini. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern: kajian New Historicism (Sebuah Kritik Sastra)*. Surabaya: Unesa University Press.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Ugm Press.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Metode Penelitian Psikologi Sastra Teori, Langkah dan Penerapannya*. Yogyakarta: Med Press.
- Faruk. 2015. *Pengantar Sosiologi Sastra dan Strukturalisme Genetik sampai Post-Modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- \_\_\_\_\_. 2012. *Metode Penelitian Sastra Sebuah Penjelasan Awal*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1997. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Indonesia.
- Junus, Umar. 1986. *Sosiologi Sastra Persoalan Teori dan Metode*. Kuala Lumpur: Dewan Bahasa dan Pustaka.
- Luxemburg, Jan Van. Dkk. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Mawsuah. 2009. *Ensiklopedia untuk Anak-Anak Muslim*. Jakarta: Grasindo.
- Moeloeng, Lexy J. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Penerbit Remaja Rosdakarya.
- Najid, Muh. 2002. *Teori Pengkajian Fiksi dan Drama*. Surabaya: Taman Nadiyah azzala.
- Nazir, M. 2003. *Metode Penelitian*. Jakarta: Ghalia Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Prawiroatmodjo, S. 1994. *Bausastra Jawa-Indonesia*. Jakarta: Cv Haji Masagung.
- Rachmatullah, Asep. 2011. *Filsafat Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Siasat Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Paradigma Sosial Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Semi, Atar. 1989. *Kritik Sastra*. Bandung: Angkasa
- Setyadi, Tulus. 2016. *Udan Ing Wanci Ketiga*. Lamongan: CV. Pustaka Ilalang
- Sudaryanto, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa DIY.
- \_\_\_\_\_. 1991. *Kamus Indonesia-Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugiyono. 2013. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D)*. Bandung: Alfabeta.
- Sukada, Made. 1993. *Pembinaan Kritik Sastra Indonesia Masalah Sistematika Analisis Struktur Fiksi*. Bandung: Angkasa.
- Sumaryati, Djojoseuroto. 2000. *Prinsip-Prinsip Dasar Penelitian Bahasa Sastra*. Bandung: Penerbit Nuansa.
- Suseno, Franz Magnis. 1984. *Etika Jawa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Tama.
- Syam, Yunus Janis. 2010. *Sabar dan Syukur: Bikin Hidup Lebih Bahagia*. Jakarta: Mutiara Media.
- Tarigan, Henry Guntur. 2003. *Prinsip-Prinsip Dasar Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Teeuw, Andries. 1998. *Sastra dan Ilmu Sastra; Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Waluyo, Herman J. 2011. *Apresiasi Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Wellek lan Werren. 1995. *Teori Kasusastran (Indonesia oleh Melani Budianta)*. Jakarta: Gramedia.

## Sumber Internet:

- Ai, Warni. 2011. *Hubungan Timbal Balik antara Sastrawan, (online)*. (<http://blogspot.co.id/2011/04/hubungan-timbal->

- balik-antara-sastrawan.html, diakses tanggal 06 Juni 2017)
- Ashari, Budi. 2012. *Posisi Anak Dalam Keluarga*, (online). (<http://www.parentingnabawiyah.com/index.php/artikel--keluarga/anak-parenting/46-5-posisi-anak-bagi-orangtua-dalam-al-quran>, diakses tanggal 06 Juni 2017)
- Hassadiqi, Hasbi. 2013. *Makalah Wayuh*, (online). (<http://artikelfakta.blogspot.co.id/2013/makalah-wayuh.html>, diakses tanggal 17 Maret 2017)
- Khotimah, Husnul. 2016. *Cara Menghilangkan Sakit Hati Menurut Islam*, (Online). (<http://www.teknikhidup.com/motivasi/cara-menghilangkan-sakit-hati-menurut-Islam>, diakses tanggal 06 Juni 2017)
- Najan, Jaib. 2012. *Apa Itu Wayuh*, (Online). (<http://wayuh2.blogspot.co.id/2012/12/apa-itu-wayuh.html>, diakses tanggal 06 Juni 2017)
- Priyanto, Wiwit Hadi. *Empat Syarat Wayuh*, (online). (<https://muslim.or.id/12664-4-syarat-wayuh.html>, diakses tanggal 01 Maret 2017).
- Segar. 2013. *Definisi Permasalahan dan Solusi Dalam Keluarga*, (online), (<http://tulisansegar.blogspot.com/2013/10/.html>, diakses tanggal 20 Februari 2017)
- Mika, Wasiun. *Pengertian Hukum dan Tata Aturan Wayuh dalam Agama Islam*, (online). (<http://www.jadipintar.com/2013/09/Pengertian-Hukum-dan-Tata-Aturan-Wayuh-Dalam-Agama-Islam.html>, diakses tanggal 01 Maret 2017).

